*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№73 (26286)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 23 апрель – хуымгæнæны мæйы 23 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 УÆЛАХИЗЫ 80 АЗЫ КАДÆН
*Сæдзаздзыд беслæйнаг хъæбатыр*

3 ÆРЫДОНЫ РАЙОНÆЙ
*Чингуыты денджызы фæндагамонджытæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Нысантæ**

## Цæгат Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзтæн



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН Мæскуыйы фембæлд уыд Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг Александр НОВАКИМÆ. Ныхасы архайджытæ æрдзырдтой Цæгат Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзты нысантыл.**

Сергей Меняйло радзырдта, республикæйы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ энергетикæйы комплексы кусæндæтты хъомыс бæрзонддæр кæныны программæ куыд æххæстгонд цæуы, уый тыххæй. Сæрмагонд æргом аздæхтæуыд регионы дарддæры газификацийы пълантæм. Уымæй уæлдай, рæгъмæ рахастæуыд республикæйы сæйрагдæр æмæ ахадгæдæр инвестицион проекттыл куыст дæр.

Хæстæгдæр фондз азы дæргъы цы ахсджиаг проекттыл куыст цæудзæн, уыдон комкоммæ сахаддзысты республикæйы экономикон уавæрыл: рæздзæн кусæн бынæтты нымæц, фылдæр кæндзæн хъалонтæ фидыны бындур, бюджеты æфтиæгтæ уыдзысты ахадгæдæр...

Уыимæ, ныридæгæн цалдæр проекты къæпхæнгай сæ хъомыс æвдисын райдыдтой. Афтæ, тыллæг дæттын райдыдта компани «Казачий хутор»-ы фæткъуыйы дыргъдон (йæ фæзуат у 1 000 гектарæй фылдæр), байгом хъæрмуæтты комплекс «Алания»-йы фыццаг хай (æппæт комплексы арæзтад ахицæн уыдзæн 2026 азы), куыстуат «Виноградарь Кавказа»-йы ныссагътой сæнæфсирдæтты 400 гектары бæрц, хæдзарад «Остров Аквакультура»-йы сарæзтой кæсагдарæн 100 бассейнæй фылдæр...

Ацы æмæ иннæ ахсджиагдæр инвестицион проекты иумæйаг аргъ у 73 миллиард сомæй фылдæр. Уыдоны фæрцы 2030 азмæ республикæйы хъуамæ фæзына 6 000 ног кусæн бынаты бæрц. Абоны онг уал амынд проекттыл хардзгонд æрцыд 45 миллиард сомæй фылдæр. Уый фадат ратта 1,1 мин кусæн бынаты байгом кæнынæн.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Æнæниздзинад хъахъхъæнынад**

## Фыццаградон æргом – профилактикон куыстмæ

**Фæстаг дыууæ азы дæргъы тарнизæй рынчын адæмы нымæц Цæгат Ирыстоны 34 проценты фæкъаддæр. Тарниз æмæ æндæр карз хæцгæ низты ныхмæ тохыл ныхас цыд, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым.**



Æмбырды сæйраг доклад скодта Фтизиопульмонологийы республикон клиникон центры сæйраг дохтыр **Кобесты Николай**. Медицинон кусæндоны разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, тарниз парахат кæныны ныхмæ профилактикон æмæ дзæбæхгæнæн мадзæлттæ иумæйаг уавæрыл хорзæрдæм ахадынц. «Рынчынты нымæц азæй-азмæ къаддæргæнгæ цæуы, сæвзæргæ уавæрмæ ис бæстон цæстдард», – загъта сæйраг дохтыр.

Доклад баххæст кодта республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**. «Тарнизы ныхмæ профилактикон мадзæлттæ, рынчынтæм хъæугæ æмæ ахадгæ медицинон цæстдард здахыны фарстатæ иудадзыгдæр сты, алы ведомствæты минæвæрттæ кæм кусынц, ахæм сæрмагонд къамисы боны фæткы. Уыцы структурæйы архайд хъуыддагыл рæстмæ зыны», – загъта министр.

Æмбырды дзуаппон раныхас уыд СПИД æмæ æндæр хæцгæ низтимæ тохы республикон центры сæйраг дохтыр **Тауаситы Валерийæн** дæр.

Профилон ведомстæты минæвæртты хъусынгæнинæгтæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Дзанайты Барис Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад æмæ иннæ структурæты разамонджытæн бахæс кодта, цæмæй бæстон архайд цæуа тарниз æмæ æндæр хæцгæ низтæ сæ райдайæн къæпхæнтыл раиртасыныл, цæмæй цæугæ флюорографтæ æмæ æндæр диагностикон ифтонггæрзты куыст хæццæ кæна дæрддзæф цæрæн бынæттæм дæр.

**СЛАНТЫ Аслан**

**Ахуырад**

## Конкурс сарæзтой

**Цæгат Ирыстоны медицинон колледжы уыд профессион дæсныдзинады конкурс «2025 азы рауагъды хуыздæр фелсыр».**

Куыстдæттæджы домæнты аккаг чи у, уыцы хæрзхъæд ахуырад райсынæн ахъазгæнæг амынд конкурсы цыд фенынмæ æрбахуыдтой нæ республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады æмæ ахуырады министрты хæдивджытæ **Томайты Тамарæ** æмæ **Гобеты Вадимы**, стæй практикон æнæниздзинад хъахъхъæнынады минæвæртты.





Конкурс дихгонд уыд æртæ хайыл. Ерысты райдайæны йæ архайджыты хæс уыд темæ «Мæ дæсныйад – мæ сæрыстырдзинад»-ыл хæдбарæй презентаци баххæст кæнын. Фæстæдæр арæзт æрцыд блиц-турнир: амынд ахуыргæнæндон кастфæуæвæг лæппутæ æмæ чызджытæ медицинон темæйыл фарстытæн дзуаппытæ лæвæрдтой. Конкурсы æртыккаг хайы рæстæг йæ архайджытæ æххæст кодтой практикон хæслæвæрдтæ (кодтой бæлвырд хъыгдардбаййафæг адæймаджы уавæр, прививкæтæ, барстой туджы æлхъывдад æмæ афтæ дарддæр).







Ерысты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фæуæлахиз **Дзыгасты Хъазыбег**. Уæлахиздзауы фæстæ бынæттæ бацахстой **Гæззаты Наидæ, Бузойты Сæрмæт** æмæ **Дулаты Батрадз.**

**Олег АПРЕЛЕВ**

**Æппæтуæрæсеон акци**

## «Сыгъдæгдзинады сæраппонд»: фæсивæдон зиу

**Ацы бонты æххæстгонд цæуынц зиуты æппæтуæрæсеон акци «Сыгъдæгдзинады сæраппонд»-ы мадзæлттæ. Уыцы акцийы зæрдиагæй архайынц Цæгат Ирыстоны фæсивæдон организацитæ дæр.**



Афтæ, РЦИ-Аланийы Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты кусджытæ ведомствæйы дæлбар организациты минæвæрттимæ сыгъдæгдзинады дзыллон зиу сарæзтой мемориалон комплекс «Барбашовы быдыр»-ы. Акцийы архайдтой уæлдæр æмæ астæуккаг ахуырады кусæндæтты минæвæрттæ дæр. Фæсивæд бафснайдтой комплексы фæзуат, алыхуызон быронæй асыгъдæг кодтой номарæн бынаты алфамбылай.

«Зиу нæ иумæйаг рагон æгъдау у. Ахæм мадзæлттæ мах алкæддæр æрбангом кæнынц, дæттынц нын фадат пайдайаг хъуыддаг саразынæн, æрдзыл аудынад равдисынæн», – æмхъуыды уыдысты зиууæттæ.

Уыцы бон сæ зæрдиаг архайдæй бæрæг дардтой Фæсивæды социализаци æмæ Æфсæддон-патриотон хъомылады центрты, студи «Амран»-ы, ахуырадон центр «Интеллект»-ы, Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты, Хæххон паддзахадон аграрон университеты, Цæгат Ирыстоны таможняйы фæсивæдон совет æмæ иннæ организациты æрвыст къордтæ.

Æппæтуæрæсеон акци «Сыгъдæгдзинады сæраппонд» арæзт цæуы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 80 азы æмæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы азы кадæн. Йæ сæйрагдæр нысантæ сты: æхсæнады историон-культурон удварнон хъомыс фидардæр кæнын, фæсивæды хистæр фæлтæрты фарнл æфтауын, хæсты архайджыты æфсымæрон ингæнтæ æмæ иннæ номарæн комплекстæ æмæ цыртдзæвæнтæм зилын....

**КАЛМАНТЫ Аслан**

**Хъусынгæнинаг**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты æртын фарæстæм æмбырд уыдзæн 2025 азы 24 апрелы 10 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2025 азы 24 апрелы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**



### Дзырды фарн

*Æцæгæлон æвзагыл адæймаг*
*зонды мæсыг нæ самайдзæн.*

***ТЫБЫЛТЫ** Алыксандр*

Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **23 апрелы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **19-21 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,46 | Хурыскаст — 05,06 | Хурныгуылд — 18,52

Валютæйы аргъ | Доллар — 81,02 | Евро — 92,25

12 +

Уæлахизы 80 азы кадæн

# Агъннаты æфсымæртæ фæсте нæ баззадысты

**Лæгдзинад равдисын кæм хъуыди, уым ирæттæ фыдæйфыртмæ уыдысты раззагдæртимæ, сæхи не 'мбæхстой кæйдæртау, сæ хъайтардзинад дардмæ хъуысыд ргаманты дæр, абон дæр нæ Ирыстоны нæлгоймæгтæ æрдхæрæны хъæбатырдзинад æвдисынц неонацисттимæ хъазуатон тохы.**

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Хъарман-Сындзыхъæуæй фронтмæ ацыдысты 1068 адæймаджы, æмæ дзы 370 сæ хæдзæрттыл нал сæмбæлдысты, сæ цард раттой Фыдыбæстæйы сæраппонд. Агъннаты дыууæ æфсымæры дæр – сидзæр лæппутæ Сæхæм æмæ Хъауырбег, фæсте нæ баззадысты.


АГЪНАТЫ Сæхæм


АГЪНАТЫ Хъауырбег

Хæрз чысылтæй баззадысты æнæ мад, æнæ фыд – Муссæ æмæ Кика амардысты халерæй уыцы иу рæстæг. Лæппуты сæхимæ бакодтой сæ фыдыфсымæр Гуыргъохъ æмæ йæ цардæмбал Хъариан, Сæна. Цард гæвзыкк уыди, алчи йæхи бинонтыл дæр не 'ххæссыд уыцы заман, фæлæ Гуыргъохъ æмæ Сæна, сæ къух куыд амыдта, афтæ схъомыл кодтой сидзæрты.

Сæхæм, куыд хистæр, хъуыддаг бакодта, йæхи хуызæн сидзæр чызг Созайты Заретæимæ сæ цард баиу кодтой, æмæ сын фæзынд æртæ кæстæры – Барис, Розæ æмæ Ленæ. Бахæдзар сты, Сæхæм тынг арæхстджын уыдис къухæй, уæлдайдæр – хъæдгуысткæнынмæ. Хъауырбег (хиуæттæ йæ Гауе хуыдтой) хъæууонхæдзарадон институты сахуыр кодта, райста агрономы диплом æмæ куыста колхозы.

Хæст куы райдыдта, уæд Сæхæм фыццæгтимæ фæраст, æрлæууыд Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты рæнхъыты. Хъыгагæн, йæ хъысмæт бирæ рæстæг бæрæг нæ уыд. Хæсты фæстæ ма йæм бирæ азты æнхъæлмæ кастысты бинонтæ, уыдис-иу афтæ, æмæ-иу хæстон фондз, кæнæ дæс азы фæстæ дæр разынд. Йæ трагикон хабар йæ бинонтæ базыдтой æрмæстдæр ивгъуыд æнусы æвдайæм азты кæрон. Уæд журнал «Мах дуг»-ы Хъайтыхъты Азæмæт йæ хæстон фæндаджы тыххæй уац ныммыхуыр кодта, æмæ дзы фыста Агъннаты Сæхæмы тыххæй дæр, Донбассы зæххыл уацары куыд бахаудтой, немыц, уæнгджын, бæрзонд кæй уыд, уый тыххæй Сæхæмы иннæ уацайрæгтæм кæсæгæй снысан (надзиратель) кæнынмæ кæй хъавыдысты. Азæмæт куыд фыста, афтæмæй, дам, не сразы, уый нæ, фæлæ ма немыцаджы цæсгомыл ту дæр бакодта, цы формæ йæм ратта фашист, уый та йыл фæстæмæ фехста. Афтæмæй йæ мæлæт ссардта. Бинонты кæстæр, Ленæ, йæ фыды уынгæ дæр никæд фæкодта, æрмæстдæр – цы иунæг хуызист ын баззад, уымæй йæ зоны...

Хъауырбеджы хъысмæт амонджындæр разынд. 1939 азы йæм æфсады рæнхъытæм фæсидтысты, службæ кодта 863-æм артиллерион полчъы. Хæст æй æрæййæфта 445-æм гвардион-артиллерион полчъы ефрейторы цины, æмæ фыццаг бонты бахаудта тохы цæхæры. Архайдта Сталинграды ныхмæ уæззау хæстыты, дарддæр йæ хæстон æмбæлттимæ цыдис ныгуылæны 'рдæм, знагæй уæгъд кодтой Румыни, Венгри, Чехословаки. Уæлахизыл та Гауе сæмбæлд Скæсæйнаг Пруссийы, Кенигсбергы. Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй хорзæхджын æрцыд Фыдыбæстæйы хæсты фыццаг æмæ дыккаг къæпхæны ордентæй, майдантæй «За отвагу», «За оборону Сталинграда», «За боевые заслуги», «За взятие Кенигсберга»... Сæйраг командæгæнæгæй та Хъауырбег райста аст Арфæйы гæххæтты.

Уæлахизы фæстæ ма иу аз дæр бафæстиат Агъннаты хæстон æфсады рæнхъыты, 1946 азы сæмбæлд йæ хæдзарыл. Иу бон дæр æгуыстæй нæ фæбадт, бынæттон колхозы райдыдта агрономæй кусын. Йæ зынгхуыст æфсымæры сидзæртыл узæлыд, æххуыс сын кодта, йæ бон куыд уыд, афтæ. Йæ амонд дæр ссардта – ракуырдта чырыстонхъæуккаг Никколты Липæйы – уый Хъарманы скъолайы ахуыргæнæгæй куыста, æмæ хæрзконд, æфсæрмдзаст, æгъдауджын чызг хъæбатыр хæстонæн «нæ» нæ загъта.

Бон цыдис æмæ фарн йемæ хаста. Æртæ хуры хуызæн чызджы æмæ иу лæппу фæзындысты дунейы рухсмæ Агъннаты хæдзары. Æвæццæгæн, Хъауырбегæн йæхицæй уæздандæр лæг нæ уыд Урсдоны доны былты – йе 'гъдау йæ разæй цыди, йæ алы дзырд дæр – бынаты, хъæр ныхас дзы никæд ничи фехъуыста. Колхоз «Ленины тырыса»-йы сæйраг агрономæй бирæ азты фæкуыста, йæ хъазуатон фæллойы тыххæй хорзæхджын æрцыд Фæллойы Сырх Тырысайы орденæй. Иумæйаг хæдзарады куыстой бынæттон цæрджытæ Къорайы сæрæй Сындзыхъæуы бынмæ, колхоз хуыздæртæй иуыл нымад уыд республикæйы, æмæ уым Хъауырбеджы æвæрæн дæр ирдæй зынди. Уæдæ йæ бон кæм æмæ цæмæй уыди, уымæй æххуыс кодта колхозонтæн, никæд никæй зæрдæхудты бацыд.

Агъннаты кадджын хистæр йæ цардæй ахицæн 1999 азы. Абон Хъауырбег æмæ Липæйы кæстæртæ сæ фæрнджын ныййарджыты кад дарддæр хæссынц. Ларæ бирæ азты фæкуыста хъæуы амбулаторийы сæргълæууæгæй. Ленæ дæр дохтыр уыд, рухсаг уæд, цæрынхъуагæй ацыд æцæг дунемæ. Людæ у педагогон куысты ветеран, дæсны математик. Сæ иунæг æфсымæр Геор, кæд бинонты кæстæр у, уæддæр сын хистæриуæг кæны, æгъдау хæссы, мыггаджы мидæг – ныма лæг, алы хъуыддаджы дæр бæрæг дары.

Хæст чи æрхъуыды кодта, уый дæлдзæх фæуæд! Абон дæр нæма байгас сты, нæ зæххы риуыл цы арф хъæдгæмттæ ныууагъта, уыдон. Махæн та æнусмæ мысинаг сты, тугкалæн хæсты фæндæгтыл цæугæйæ, Уæлахиз чи 'рхаста нæ бæстæйæн, уыцы нæртон хъайтартæ, йæ цард чи ратта, уыдон дæр, йæ хæдзарыл ма чи сæмбæлд æмæ фæсхæст адæмон хæдзарад йæ къæхтыл чи слæууын кодта, уыцы ветерантæ дæр.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

# Ссæдзаздзыд беслæйнаг хъæбатыр

**Советон Цæдисы Хъæбатыр Иван Макары фырт Недвижайы райгуырдыл хъуамæ ацы аз апрелы сæххæст уыдаид сæдæ азы, фæлæ уыдонæй фæцард æрмæстдæр ссæдз. Фыдыбæстæйы сæрвæлтау асыгъд хæсты цæхæры йæ рæзгæ уд. Хайады командæгæнæг, сержант, нæ бæллыд æфсæддон суæвынмæ. Чысылæй тынг уарзта ныв кæнын. Фæлæ йæ бæллиц йæ къухы нæ бафтыд, 16-аздзыдæй йæ бахъуыд Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты æмрæнхъ æрлæууын.**

Хæстон сгарæджы фæндæгтæ райдыдтой Хъырымæй æмæ фесты Карпатты. Кæмыты хæцыд, уым алы ран дæр ныууагъта, Райгуырæн бæстæ уарзыны, æхсар æмæ лæгдзинады фæд. Иван Недвижай бафæзмыдта Александр Матросовы сгуыхтдзинад. Ныфсхаст æмæ æхсарджын сгарæг Иван Макары фырт Недвижайæн уыцы сгуыхтдзинады тыххæй лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном йæ мæлæты фæстæ.

Иван райгуырд 1925 азы Стъараполы зылды, станицæ Новая Григорьевкæйы. Фæстæдæр йæ бинонтимæ æрцардысты Беслæны, ам 1937 азы каст фæци 2-æм скъолайы 6 къласы. Дарддæр ахуыр кæнынмæ бацыд Грознайы æрмдæсныты училищæмæ, уый фæстæ куыста Грознайы æфсæнвæндаджы депойы.

Æхсæрдæсаздзыдæй бархийæ ацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ æмæ 1942 азы сентябры хæцыд фронты. Знаджы ныхмæ тохты архайдта Фæскавказаг, Цæгаткавказаг фронтты, 1944 азы – Приморскы Сæрмагонд æфсады, уый фæстæ – 4-æм Украинаг фронты.

Хъырымы-Неберджаевскы районы карз тохты хæххон æхсæн дивизийы штабы комендантон ротæйы архайгæйæ, йæхи æвзыгъд æмæ сæрæнæй кæй равдыста, уый тыххæй йын 1943 азы 31 октябры лæвæрд æрцыд майдан «Æхсардзинады тыххæй».

1944 азы, Хъырым суæгъд кæныны тохты архайгæйæ, Херсонесы сынæгыл фистæг æфсады сгарæг Иван бахъуызыд знаджы фæсчъылдыммæ. Уым базыдта, знаджы æфсæддон тыхтæ кæй цæуынц денджызы 'рдæм æмæ ракетæ æхсæнæй фæнысан кодта йæхиуæттæм. Знаджы 'фсæддонтæ йæ бафиппайдтой æмæ йын, æхсæз салдатимæ иунæгæй тохгæнгæйæ, бантыст йæхионтимæ баиу уæвын. Дарддæры ныббырсты ма ныддæрæн кодта иу къухæйæхсгæ пулемет (нæмыгæхсæн) æд салдæттæ. 1944 азы 21 июны хорзæхджын æрцыд Сырх Стъалыйы орденæй.

Скæсæн-карпатон ныббырсты операцийы, 897-он хæххонæхсæн полкъ бахызт чехаг-польшæйаг арæнтыл æмæ, 1-аг гвардион æфсадимæ архайгæйæ, бырста Санокы горæты хуссæртты, фидаргонд хъæу Гурнтæм хæстæг.



Полчъы æфсæдты размæ цыды хъыгдардта æртæ зениткæйы иудадзыг æхст. Кæстæр сержант Недвижайæн фараст сгарæгимæ раттой уыцы бынатæй æхсæг зениткæты ныддæрæн кæныны бардзырд. Къорд сæм хæстæг бахъуызыд æмæ сыл, гранаттæ нызгъалгæйæ, дыууæ зениткæйы ныхъхъус кодта. Сæ нæмгуытæ фесты æмæ уæд кæстæр сержант Недвижай, цы зениткæ ма дзы баззад, уый йæхи ног æхсынмæ куы цæттæ кодта, уæд ын йæ хæтæлыл йæхи баппæрста къухæй йæ иуварс акæнынмæ, фæлæ, йе 'мбæлттæн кæд фæндаг фегом кодта, уæд йæхæдæг та уым хуысгæйæ баззад, аскъуыд йæ хъæбатыр рæзгæ уд. Баныгæдтой йæ горæт Санокæй 17 километры хуссар-скæсæны 'рдæмдæр хъæу Воля-Петровайы. Фæстæдæр ын йæ мард баныгæдтой горæт Санокы мемориалон уæлмæрды.

Немыцаг-фашистон лæбурджыты ныхмæ тохы йæ хæстон хæстæ фæзминагæй æххæст кæнгæйæ, æхсар æмæ хъайтардзинад кæй равдыста, уый тыххæй 1945 азы 24 мартъийы ССР Цæдисы Сæйраг Советы Президиумы Указмæ гæсгæ кæстæр сержант Иван Макары фырт Недвижайæн лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Йæ хъæбатырдзинад нæ рох кæнынц фæстагæттæ. Беслæны йæ ном хæссы, кæм ахуыр кодта, уыцы 2-æм скъола, йæ номыл ис уынг. Йæ номыл ма уынг ис Грознайы дæр.

**Æрмæг бацæттæ кодта**
**КАСАТЫ Батрадз**

Бæрæгбон

# Районы фæрныгадыл зæрдиагæй куыстой

**Бынæттон хиуынаффæйады бæрæгбоны агъоммæ Рахизфарсы районы администрацийы разамонджытæ ФРАЙТЫ Сослан æмæ МЫРЫКАТЫ Хъазыбег æрхъуыды кодтой сæ раздæры кусджыты.**



Мадзал арæзт æрцыд районы Культурæйы галуаны райдзаст бæстыхæйттæй иуы, цы уазджыты æрбахуыдтой, уыдонмæ ам зæрдиагæй æнхъæлмæ кастысты, се 'рбацыдмæ сын сæвæрдтой «адджын» фынгтæ.

Фрайты Сослан æмæ Мырыкаты Хъазыбег зæрдиаг арфæтæ ракодтой администрацийы раздæры кусджытæн сæ бирæвæрсыг ахсджиаг архайды тыххæй. Беслæны бæллæхы фæстæ, уыдоныл æвæрд æрцыд тынг уæззау уаргъ, æмæ йæ уæхскуæзæй хастой, сæ размæ æвæрд хæстæ æххæст кодтой бæрнонæй. Алчидæр дзы стыр æвæрæн бахаста районы кад бæрзонддæр æмвæзадмæ сисыныл, йæ социалон-экономикон уавæрыл дзы уыдонæй алкæй къухдзæф дæр ис, уымæй рахизгæйæ та ма хъомысджынæй архайдтой районы æхсæнадон царды дæр.

– Абон дæр фæсивæдимæ хъомыладон куыст кæнут, æмæ уын уый тыххæй дæр стыр бузныг. Бирæ ма нын цæрут æнæниз æмæ æнæмастæй, уæ кæстæрты хуртæй райгондæй. Мах та, нæ бон цы у, уымæй архайдзыстæм, Рахизфарсы районы кад дæлæмæ не 'руадзыныл, сымах фæлтæрддзинадæй пайда кæнгæйæ, – загътой фысымтæ уазджытæн.

Бæрæгбон та æнæ лæварæй нæ вæййы, æмæ уымæн дæр бынат уыдис – кадджын уазджытæй алкæмæн дæр йæ зæрдæ барухс кодтой Кады гæххæтт, дидинджыты баст æмæ зынаргъ лæварæй.

**БАСКАТЫ Эльзæ**





ДЗУЦЦАТЫ Тасолтан


ЛАЗАРТЫ Хасанбег


КУЫДЗОЙТЫ Афанас


КУЫДЗОЙТЫ Афай


СКЪОДТАТЫ Дзамболат


СКЪОДТАТЫ Кермен


БАГУЛТЫ Васили


РУБАЙТЫ Васили


ГÆБУАТЫ Граф


ГÆБУАТЫ Тембол


ГÆБУАТЫ Нестор


ГÆБУАТЫ Ермолай

## Спортивон фидиуæг



### Хъæбысхæст

# Ерыстæ Андиаты Сосланы номыл

**Дзæуджыхъæуы Хъуылаты Бадзийы номыл спортивон галуан «Манеж»-ы 21 апрелы уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты Андиаты Сосланы номыл спортивон скъолайы фыццаг бынат бацахсыныл командон ерыстæ æвзонг богæлтты ’хсæн.**

Ерыстæ арæзт æрцыдысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы 80 азы кадæн, æмæ дзы архайдтой 120 æвзонг богалы дæс командæйæ. Сæ填 кармæ гæсгæ богæлттæ дихгонд уыдысты дыууæ къордыл. Иу къорды уыдысты 2015-2016 азты гуырд лæппуты æртæ командæйы, иннæ авд командæйы та ерыс кодтой 2011-2012 азты гуырд богæлттæ.

Дыууæ кары дæр богæлттæ хæцыдысты дыууадæсгай уæзты.

Ерыстæ гом кæныны мадзалы архайдтой: РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, РЦИ-Аланийы физикон культурæ æмæ спорты министр **Хуадонты Артур**, Олимпиаг хъæзтыты дыууæ хатты уæлахиздзау, дунейы æхсæз хатты чемпион **Фадзайты Арсен, Андиаты Сосланы фырт Георги**, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ **Альберт Гоов** æмæ **Томайты Тамерлан.**

Ерыстæ арæзт æрцыдысты Андиаты Сосланы гуырæн бон, æмæ уый тыххæй сæ саразджытæ æмæ ерысты архайджытæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой – Тускъаты Таймураз, Хуадонты Артур, Фадзайты Арсен æмæ Андиаты Георги.

Ерыстæ рауадысты зæрдæмæдзæугæ. Æвзонг богæлтты архайд йæхимæ ’лвæста залмæ æрбацæуджыты. Командон ерысты ис цымыдисаг фæзилæнтæ, æмæ уый йæхимæ ‘лвасы спортуарзджыты зæрдæтæ. Афтæ рауадысты ацы ерыстæ дæр.

Кæстæр кары цы ‘ртæ командæйы ерыс кодтой, уыдонæй сæрæндæр разындысты спортивон клуб «Олимп»-ы богæлттæ. Уыдон фæуæлахиз сты сæ дыууæ ныхмæлæуджытæ «Спартак» æмæ «РСШ»-йы командæтыл æмæ бацахстой 1-аг бынат, 2-аг бынатмæ рацыд «Спартак», «РСШ» (Республикон спортивон скъола) та æрлæууыд 3-аг бынатыл.

Тынг цымыдисаг уыдысты 2011-2012 азты гуырд богæлтты ерыстæ. Ам цы авд командæйы архайдтой, уыдон дихгонд уыдысты дыууæ дæлкъордыл, æмæ дзы иуы уыди цыппар, иннæйы та – æртæ командæйы. Дыууæ дæлкъорды 1-аг бынæттæ чи бацахстой, уыдон, сæ кæрæдзиимæ фембæлгæйæ, бæрæг кодтой турниры уæлахиздзауы, дæлкъордты 2-аг бынæттæ бацахсджытæ та ерыс кодтой 3-аг бынатмæ рацæуæджы сбæлвырд кæнынæн.

3-аг бынатмæ рацæуыныл фембæлдысты Рахизфарсы районы командæ «Беслæн» æмæ Хæдарцаты Асланы номыл хъæбысхæсты академийы командæ. Сæ фембæлд ахицæн 9:3 хыгъдæй «Беслæн»-ы пайдайæн, æмæ беслæйнæгтæ бацахстой 3-аг бынат.

Тынг хъазуатон рауадысты 1-аг бынат бацахсыныл ерыстæ Республикæйы спортивон скъола æмæ «Олимп»-ы командæты ерыстæ. Цалдæр хатты дыууæ ныхмæлæууæг командæты ’хсæн хыгъд уыди æмхуызон, фæлæ æппынфæстаг «РСШ»-йы богæлттæн бантыст фæразæй уæвын æмæ рамбылдтой 7:5 хыгъдæй.

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджын æрцыдысты кубоктæ, майдантæ æмæ грамотæтæй. Уымæй уæлдай, Фадзайты Арсен æхцайы лæвæрттæ ракодта фыццаг æртæ бынаты бацахсæг командæтæн.

Ерыстæй разыйæ баззадысты, куыд спортуарзджытæ, афтæ сæ саразджытæ дæр. Командон ерыстæ саразыны фæнд, фыццаджыдæр, бахаста Андиаты Сосланы номыл скъолайы директор Хъоцыты Георги æмæ уый тыххæй загъы:




«Сосланы номыл турнир нæм фæцæуы алы аз дæр фæззæджы, фæлæ, йæ райгуырæн бон 21 апрелы кæй у, уый тыххæй мæ бафæндыд уыцы бон йæ номыл æвзонг богæлттæн командон ерыстæ саразын. Сослан йæхæдæг тынг уарзта сывæллæтты ерыстæм кæсын, æмæ хъуамæ нæ кæстæртæ зоной йæ таурæгъон ном. Командон ерыстæ кæстæрты кæрæдзиуыл æнгомдæр бæттынц, æмæ сæ ахадындзинад æххуысы хос у хъомыладон куысты. Ерыстæ саразджыты номæй мах зæрдиаг арфæ кæнæм, нæ фарсмæ цы æххуысгæнджыты къорд æрлæууыд, уыдонæн. Уæлдай арфæйы аккаг у Фадзайты Арсен. Мах фæнды ацы командон ерыстæ æрвылазон скæнын, æмæ сæм æндæр регионтæй дæр цæмæй цæуын райдайой, уымæн æмбæлгæ уавæртæ саразын».

Георгийы фæндон растыл нымайынц кæстæр кары богæлтты тренертæ дæр.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Бастдзинæдтæ

# Культурæ куыд сабырдзинады минæвар

**Бельгийы сæйраг горæт Брюсселы ацыд ирон культурæйы æрвылазон бон. Йæ уазджытæ æмæ архайджытæ бакастысты режиссер Цæлыккаты Вадимы кинонывмæ «Ме ’фсымæр доктор Мольс». Æвдыст дзы цæуы, уырыссаг рагфыдæлтæ кæмæн ис, уыцы бельгиаг бинонты цард. Равдыстой ма Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг фашизм ныддæрæн кæныны хъуыддагмæ сæ ахъаззаг хай чи бахаста, уыцы ирæтты тыххæй дæр цыбыр киноныв. Уымæй уæлдай, егъау экраныл фенæн уыди хуызджын нывтæ Ирыстоны Цæгат æмæ Хуссары республикæты цардæй.**

**Бæрæгбоны ныхас цыди паддзахæдты культурæты бастдзинæдтыл ацы вазыгджын дунеон политикон уавæрты. Видеоконференцийы архайджыты ныхасмæ баиу сты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны министрадтæ æмæ ведомствæты минæвæрттæ, эксперттæ Турк, Великобритани, Швеци æмæ æндæр бæстæтæй дæр.**




**Ирон культурæйы боны фæлгæты сæ куыстытæ равдыстой ирон нывгæнджытæ Итали, Германи, Латви æмæ Грецийæ – Æлборты Лирæ, Чочиты Роксаланæ, Пухаты Вадим.**

**Бæрæгбоны официалон хайæ уæлдай ма ацыдысты алыхуызон неформалон мадзæлттæ дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, рохуаты нæ баззадысты нæ адæмон хæринæгтæ дæр, зындгонд ирон уæливыхтæй ацаходын уым алкæмæн дæр уыдис йæ бон.**

## Дунеон акци

# «Уæлахизы диктант» – 84 бæстæйы

**Дзыллон историон акци «Уæлахизы диктант» æххæстгонд цæудзæн дунейы 84 бæстæйы. Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Центрон æххæсткомы разамонæг Александр Сидякин.**

**«Ацы хатт «Уæлахизы диктант» ныффысдзысты 84 бæстæйы. Нæ хъæппæрисæй цы æрвылазон дзыллон мадзал арæзт цæуы, уым, иннæ бæстæтæй уæлдай, ауалдзæг фыццаг хатт архайдзысты Цæгат æмæ Хуссар Корея, Ирланди, Кубæ, Швейцари, Швеци, Норвеги, Сингапур, Шри-Ланкæ, Кипр æмæ Эфиопийы минæвæрттæ дæр. Фæсарæйнаг бæстæты диктант ныффыссынæн байгом уыдзысты 250 фæзуатæй фылдæр. Уыдонæн сæ фылдæр – Уæрæсейы Федерацийы минæварадты скъолатæ кæнæ «Уырыссаг хæдзæртты» бындурыл», – радзырдта æххæсткомы разамонæг.**




**Александр Сидякины ныхасмæ гæсгæ, «Уæлахизы диктант» ныффысдзысты англисаг, араббаг, испайнаг, китайаг, немыцаг, португайлаг, францусаг, туркаг æмæ æндæр æвзæгтыл, акцийы онлайн-хæслæвæрдтæ та сæххæст кæнæн уыдзæн цыппар æвзагыл – англисагау, араббагау, китайагау æмæ испайнагау.**

**Зындгонд куыд у, афтæмæй дунеон историон акци «Уæлахизы диктант» баст вæййы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутимæ. Раздæр Уæрæсейы рухсады министр Сергей Кравцов куыд фехъусын кодта, афтæмæй ацы аз акци сараздзысты 25 апрелы.**

*(«РИА Новости»)*

## Конкурс-æркаст

# Уый дын æцæг ирон чызг!

**Ныр къорд азы республикæйы районты скъолаты хистæр кълæсты ахуырдзауты ’хсæн æхсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы уæнгтæ расидынц æрвылазон конкурс-æркаст «Ирон дæн æз». Иры фæсивæд ерысы бацæуынц алыхуызон фæлварæнты. Сæ арæхстдзинад равдисынц алывæрсыгæй.**

Æрæджы та конкурс-æркаст арæзт æрцыд Æрыдоны районы скъоладзау чызджыты ’хсæн, архайдтой дзы Алагиры районы минæвæрттæ дæр.

Кучиты Ирландæ – Къостайыхъæуы астæуккаг скъолайы ахуырдзау, йæ ахуыргæнæг – Цхуырбаты Зарæ, Гулиты Валерия, Алагиры 3-æм скъолайы ахуырдзау (Датиаты Маринæ), Туаты Моникæ, Хъæдгæроны скъолайы ахуырдзау, (Гуытъиаты Заремæ), Болататы Сабинæ, Нартыхъæуы скъолайы ахуырдзау (Фæрниаты Мæдинæ), Æлборты Дзерассæ, Майрæмададжы скъолайы ахуырдзау (Хуыбаты Людмилæ) æмæ Еналдыты Жаннæ, Æрыдоны 1-æм скъолайы ахуырдзау (Лохты Ритæ) уыдысты конкурсы архайджытæ. Сæ арæхстдзинад, сæ зонындзинæдтæн сын аргъ кодтой жюрийы уæнгтæ, сæ сæргъы – Туаты Алан – «Иудзинад»-ы æвзæрст лæг.



Уæздан, æгъдауджын, æфсармджын чызгæн ирон адæм кæддæриддæр кодтой кад. Конкурсы архайынмæ ныфс чи равдыста, уыцы æрыгон чызджытæ царды кæнынц фыццаг бæрнон къахдзæфтæ, фæлæ уал абон се ’мгæртты ’хсæн сты фæзминаг, сты ахуыры раззагдæртæ. «Уый дын æцæг ирон чызг», зæгъæн кæмæй ис, ахæмтæ. Сæхи тынг зæрдиагæй цæттæ кодтой, уый бæрæг уыд, алывæрсыг æххуыс сын бакодтой сæ ахуыргæнджытæ.

Арæхстдзинад равдыстой сæ мыггæгты уидæгтæ, рагон кусæнгæрзтæ, ирон бæрæгбæттæ зонынæй, чи кафынмæ, чи – музыкалон инструментыл цæгъдынмæ сарæхстысты. Чызджытæ, иу иннæйы фæстæ ирон уæлæдарæсы цыдысты сценæмæ. Сæ архайдæй къамис æмæ залы бадæг адæмæн æхсызгондзинад хастой, хорз фæсивæд нæм кæй хъомыл кæны, уыцы ныфс лæвæрдтой.

«Ирон дæн æз æмæ уымæй – сæрыстыр» – ацы хъуыды уыд чызджытæй алкæй архайды дæр.

Тæхудиаг, йæ ивгъуыд чи нæ рох кæны, йæ мыггаджы суадон кæцæй рацæугæ у, чи уыдысты йæ фыдæлтæ, уый чи зоны. Мыггаг æмæ хæдзарвæндаджы равзæрд уыд конкурсы хæйттæй иу.

Адæмы иугæнæг æмæ удыхъæд æвдисæг сты нæ рæсугъд бæрæгбæттæ, – куыд хорз зонынц сæ нысаниуæг, сæ фæткæвæрд, уый дæр равдыстой чызджытæ.

Ирон чындзæхсæв у царды скъола, ницæимæ йæ ис фæивддзаг кæнæн. Сиахсы цыд, чызгæмбал, мыды къус уарын, чындзы кафт æмæ, иннæ рæсугъд æгъдæуттæ дæр абон нæ цины хъуыддаджы куыд фидауынц, уый дæр фехъуыстам.

Бирæтæ хъусгæ дæр нæ фæкодтой, цы у пирæн, æнгуырой, æлхуый, хъуылæг, куыд пайда кодтой къæртайæ, авд сывæллоны кæм уыд, уыдон æххæст бинонтæ кæй уыдысты, афтæмæй «авдæн» ныхас кæй фæзынд – ацы æркастмæ дæр сарæхстысты чызджытæ.

Хæринаг кæныны æгъдæуттæ ирон сылгоймагыл цы хæс æвæрдтой, – ацы цымыдисаг конкурс дæр æнтыстджынæй ацыд.

Уæлдай æхсызгонæй адæм бакастысты сфæлдыстадон ерысмæ. Чызджытæ цагътой дала æмæ ирон фæндырæй, рæсугъд акафыдысты.

– Ныр дæсæм аз цæуы конкурс-æркаст «Ирон дæн æз». Фæззæджы æрбамбырд кæнæм скъоладзау лæппуты, уалдзæджы та чызджыты æркаст вæййы. Зæрдæмæдзæугæ ссис бирæ адæмæн, уымæн æмæ æххæст кæны йæ сæйраг нысан – нæ культурæ, нæ мадæлон æвзаг æмæ традицитæ бахъахъхъæнын, – загъта «Иудзинад»-ы æвзæрст лæг Туаты Алан. Йемæ иузæрдион уыдис Æрыдоны районы конкурсмæ цæстдарæг Мамиаты Розæ. – Ахæм конкурстæ кæстæртæн фадат дæттынц кæрæдзи базонынæн æмæ æнгомдæр æрбалæууынæн, сæ зонындзинæдтæ, сæ хъуыдытæ равдисынæн, – зæгъы Розæ.

Конкурсы архайджытæй хуыздæрты равзарын къамисы уæнгтæн æнцон нæ уыд.

Афтæмæй, Æрыдоны районæй фыццаг бынатмæ рацыд Еналдыты Жаннæ, дыккаг бынат раттой Кучиты Ирландæйæн, æртыккаг бынатмæ рацыд Туаты Моникæ. Алагиры районы чызджытæй уæлахиздзауыл банымадтой Гулиты Валерияйы.

Сæ аив кафтæй бæрæгбон срæсугъд кодтой ансамбль «Ногдзау»-ы архайджытæ, сæ разамонæг – РЦИ-Аланийы сгуыхт артист Елойты Хъазыбег.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

# ПАМЯТКА
## паломникам Хаджа

В преддверии совершения Хаджа Северо-Осетинская таможня напоминает порядок перемещения физическими лицами товаров для личного пользования через таможенную границу.

Без уплаты таможенных пошлин, налогов физические лица могут ввозить в сопровождаемом и несопровождаемом багаже товары, перемещаемые воздушным транспортом, таможенная стоимость которых не превышает сумму, эквивалентную 10000 евро и общий вес которых не превышает 50 кг. Иными видами транспорта можно перемещать товары весом не более 25 кг и стоимость которых не превышает 500 евро. В случае превышения норм применяется единая ставка таможенных пошлин, налогов в размере 30 процентов таможенной стоимости указанных товаров, но не менее 4 евро за 1 кг.

Табак и табачные изделия – не более 200 сигарет или 50 сигар (сигарилл) или 250 граммов табака, либо указанные изделия в ассортименте общим весом не более 250 граммов в расчете на одно физическое лицо, достигшее 18-летнего возраста.

В соответствии с пп. ж) п.1 Указа Президента РФ от 01.03.2022 г №81 «О дополнительных временных мерах экономического характера по обеспечению финансовой стабильности Российской Федерации» со 2 марта 2022 г. запрещен вывоз из Российской Федерации наличной иностранной валюты и (или) денежных инструментов в иностранной валюте в сумме, превышающей эквивалент 10 000 долларов США.

При перемещении через таможенную границу ЕАЭС лекарственных средств, содержащих наркотические и психотропные вещества, у физических лиц должен иметься рецепт от врача, дубликат рецепта или выписка из истории болезни за подписью врача. При отсутствии у лица разрешительного документа может наступить уголовная ответственность. При выезде за границу физическое лицо должно обратить внимание на состав лекарственных препаратов, т.к. в их состав могут входить наркотические вещества. Кроме того, поскольку в каждой стране существует свой список запрещенных психотропных и наркотических веществ, следует обязательно проконсультироваться в дипломатическом представительстве страны, которую планируете посетить, о действующих в ней правилах ввоза/вывоза лекарственных препаратов, которые могут содержать наркотические и психотропные вещества.

Правила заполнения пассажирской таможенной декларации регулируются решением Коллегии Евразийской экономической комиссии от 23.07.2019 № 124 (ред. от 14.02.2023) «О таможенном декларировании товаров для личного пользования».

Северо-Осетинская таможня информирует, что за нарушение таможенных правил физические лица привлекаются к административной и иной ответственности в соответствии с действующим законодательством. В случае несогласия с действиями должностного лица таможенного органа физическое лицо имеет право обжаловать их в соответствии с действующим законодательством.

Таможенные органы осуществляют консультирование заинтересованных лиц по вопросам, касающимся таможенного законодательства ЕАЭС и иным вопросам, входящим в компетенцию таможенных органов. В телефонном режиме можно получить консультацию по следующим номерам: (8672) 20-02-40, 20-03-35, 20-02-35, 20-02-62, также можно записаться на консультацию в правовой отдел таможни или направить письменный запрос по адресу: 362002, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, ул. Курская, 2.

**Пресс-служба Северо-Кавказского таможенного управления**



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацитый комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор **ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ – 25-93-68, Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæ уа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3109. Заказ № 442. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**